Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 15 (9810) /22 апрель 2019 с. / итни 16 Шаг1бан 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

# Субботник тIобитIана



12-14 апрелалда нилъер районалъул росабалъ тIобитIана, республикаялъул росдал магIишаталъул Министерствоялъул жигарчилъиялда лъазабураб, субботник. Гьединаб субботник нилъер республикаялда тIобитIулеб буго тIоцебесеб нухалда. Гьеб тIобитIиялда хурхун,росдал магIишаталъул министр ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас абуна: **«ТIолго республикаялда тIобитIулеб гьеб акциялъул мурад буго, тIоцебесеб иргаялда,гIи-боцIи хьихьулел комплексазда, росабалъ, гьезда сверухъ бакIазда рацIцIалъи чIезаби,гъутIби чIей ва тIабигIат цIунизе ккей гIадамазда бичIчIинаби»,**-ян.




Цересел соназги нилъер районалда тIоритIулаан рацIцIалъи чIезабиялъул субботникал, тIубараб моцI лъазабулаан гьел т1орит1улеллъун.

**«БацIцIадаб росу- бацIцIадаб Дагъистан»** ахIиялда гъоркь тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана- учреждениябазулгун оргнизациябазул хIалтIухъаби, жамагIатчагIи,диниял церехъаби, ва гь.ц. Рищни-къул бакIариялда цадахъ,гIадамаз хъахI гьаруна,къачIана ва чIана гъутIби, бакI-бакIазда бахана лажбар.Гьел хIалтIаби гьариялъе чIезабун букIана хасаб техникаги.

Гьединго,Дагъистаналъул бетIерас лъазабун букIараб ва заман ч1езабич1ев «ГIурччинал километрал» гъутIби чIеялъул акция тIобитIиялъульги лъикIаб бутIа лъуна нилъер гIадамаз. Рохьил магIишаталъе нухмалъулев Ибрагьим ХIусеновас бицана бакI-бакIалда чIезе жидеца кьунин 2000-ялде гIагарун батIи-батIиял тайпабазул гъутIби ва гьел щванин район тун къватIирехунги.



Районалъул росдал магIишаталъул Управлениялъул директор З.Д.ГIалиевас бицана: **«Нижер министерствоялъ лъазабураб субботник, гIатIидго, тIобитIана нилъер районалъул магIишатазда. Гьеб тIобитIиялъул хал гьабизе вачIун вукIана ришватчилъиялде дандечIеялъул рахъалъ министрасул кумекчи ИмангIали ХIанипаев. Ниж щвана районалъул магIишатазде ва гъутабазда ругел ракьазде. Киса- кибего гIуцIиялда тIобитIулеб бугоан субботник ва И. ХIанипаев рази хутIана гьабулеб хIалтIиялдаса»**,-ян.

РацIцIалъи чIезабиялъул тадбирал нилъер районалда тIоритIизе руго маялде щвезегIан.

# Районалъул администрациялда



16 апрелалда райадминистрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Гьенире гIахьаллъана- районалъул бетIерасул заместителал: З.Н.Эмеев, И.Б. Салимханов, отделазе нухмалъулелгун жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул администрациябазул бут1рул.

Данделъиялъул хал гьабиялде босун бук1ана экономикаялъулгун планированиялъул ва г1уц1иялъул суалазул отделалъ 2018 соналъ гьабураб х1алт1ул х1исабкьей.

Гьеб суалалда тIасан кIалъана рехсараб отделалъул начальник Д.З.Сайдулаев. Жиндирго кIалъаялда гьес абуна: **«2018 соналъ нижер отделалъул халкквеялда рукIана-районалъул экономика цебетIезабиялда, «Казбек район» муниципалияб гIуцIиялъул бетIерасул рихьизариял тIуразариялда,бюджеталде налогал рачIинариялда ва гь.ц. кIвар бугел суалазда сверухъ гьарулел хIалтIаби.**



**Гьединго, нижер отделалъул хIалтIухъаби щвана росабалъ ругел батIи-батIиял объектазде, хал гьабуна гьениб хIалтIи гIуцIун бугеб къагIидаялъул»**,-ан.

Гьеб данделъиялдаса хадуб,И.Б. Салимхановасул бетIерлъиялда, росабазул администрациябазул бутIрузегун гIадлу-низам цIуниялъул уполномоченныяллъун кколезе, гьениб тIобитIана семинар ва гьелъул хIасилал гьариялда рихьизаруна хадусан хIалтIи гьабиялъе аслиял рахъал.

***И.ИДРИСОВ.***

Къват1исеб улкаялда...

# Ц1аккеялъул х1асилалда...



15 апрелалда ц1а ккана Франциялъул тахшагьар Парижалда бугеб ва гьелъул к1вар бугел г1аламатазул цояблъун кколеб Нотр-Дам де Пари к1алг1аялда. (Гьеб бан буго 12 векалда). 12 саг1аталдасан гурони к1веч1о ц1а свинабизе. Гьениб ц1а рек1иналъул хабар раг1арал г1езег1анго парижанал рак1арана гьенире, цоял рук1ана г1одулел, цогидал – пашманал куч1дул ах1улел, лъабабилел – Аллагьасде гьардолел. Гьединал тарихиял бак1ал рокьулел дунялалъулго г1адамазул рек1елъе гьеб лъугьа-бахъиналъ пашманлъи рещт1инабуна.

К1алг1а ц1игьабиялъе, французаз ва гьеб лъугьа-бахъин рек1елъ къараз, г1арац бак1арулеб буго.

Гьедин, бизнесмен Франсуа-Анри Пиноца гьенибе кьун буго 100млн., Бернар Арноца-200млн. евро. Гьабсаг1аталда (ц1аккун лъабго къоялда жаниб) г1адамаз бак1арараб г1арцул къадар 1млрд.евроялдасаги ц1ик1к1унеб буго.

Бицунеб буго, г1арац киг1ан бак1араниги, бук1араб къаг1идаялда к1алг1а бук1инабизе ккани, г1езег1анго сонал х1ажалъулин.

**«Сундухъго балагьич1ого, к1алг1аялда т1ад х1алт1изе руго цебе бук1ахъе гьеб гьабизе»,** - ян абуна Франциялъул президент Эммануэль Макроница.

***Интернеталдаса босараб***

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# Реццалъе мустахІикъав

Нилъер ракьцояв, промышленностальулгун энергетикаялъул министр Сайгидпаша Дарбищевич ГІумаханов лъаларев чи нилъер районалда ватиларо.

Гьеб букІана Сайгидпаша Дарбишевич Хасавюрт шагьаралъул мэрлъун хІалтІулеб заман. Дун цо чанго нухалда ине ккана гьесухъе батІи-батІиял суалалгун кумек гьарун. Гьес дун лъикІ къабул гьаюна ва къокъаб заманалда дир мурадал тІуразаруна. Дида бихьана гьесулъ рекІел чІухІи гьечІеблъи, тІаде вачІарасухъ гІенеккизе ва бажарараб кумек гьабизе гьев кидаго хІадурав вукІин.

РакІчІола, хъулухъалъул болъоялдаса тІадегІан вахунин, гьесул гІамал- хасият хисичІеблъиялда ва хІажатаб кумек гьабиялъе гьев хІадур вукІиналда.

Дагьал церег1ан къояз Сайгидпашае т1убана 59 сон. Гьавураб къоги баркулаго, бокьун буго гьев унго-унгояв магІаруласе ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабизе, гьаризе гьесие сахлъи, рохел, хъизаналъулаб талихІ ва киналниги гьарулел ишазулъ битІккей.

*Изажа АБУЖАНАТОВА, Дилим росу.*

## Сведения об исполнении бюджета МР "Казбековский район" по доходам и расходам за 1 квартал 2019года

### Доходы

| Наименование доходов | назначено на год (тыс.) руб. | исполнено за 1кв. (тыс.) руб. |
|---|---|---|
| 1. Налоги на прибыль (подоход.налог) | 70661,5 | 14197,9 |
| 2. Налоги на совокупный доход | 9940,2 | 1972,9 |
| 3. Акцизы | 15502,6 | 4185,8 |
| 4. Государственная пошлина | 694,0 | 225,1 |
| 5. Неналоговые платежи | 11378,0 | 2449,7 |
| 6. Дотация бюджетам мун. района | 146105,8 | 36526,0 |
| 7. Субсидии бюджетам мун. рйона | 19869,0 | 2773,0 |
| 8. Субвенции бюджетам мун. района | 509630,8 | 124487,1 |
| 9.Доходы бюджета мун.района от возврата субвенций имеющих целевое назначение | | |
| 9.Иные межбюджетные трансферты | 0,0 | 0,0 |
| 10. Возврат остатков субсидий и субвенций в республиканский бюджет имеющих целевое назначение | | -3590,6 |
| **Итого доходы бюджета** | **783781,9** | **183226,9** |

### Расходы

| Наименование расходов | назначено на год (тыс.) руб. | исполнено за 1кв. (тыс.) руб. |
|---|---|---|
| 1. Общегосударственные вопросы | 49669,1 | 12541,8 |
| 2. Национальная оборона | 1524,0 | 381,0 |
| 3. Национальная безопасность и правоохранительные органы | 2695,1 | 586,3 |
| 4. Национальная экономика | 44707,9 | 1540,1 |
| 5. Жилищно - коммунальное хозяйство | 750,0 | 37,5 |
| 6. Образование | 579415,4 | 142368,8 |
| 7. Культура, кинематография | 12710,6 | 2889,8 |
| 8. Социальная политика | 16509,7 | 1395.0 |
| 9. Физическая культура и спорт | 1200,0 | 360,3 |
| 10. Средства массовой информации | 6279,0 | 1983,0 |
| 11. Безвозмездные перечисления бюджетам поселений | 68321,1 | 17409,2 |
| **Итого расходы бюджета** | **783781,9** | **181492,8** |

| **Расходы на содержание органов местного самоуправления МР "Казбековский район" за 1 кв.2019 года** | |
|---|---|
| план на 2019 год (тыс.) | исполнено за 1 кв. 2019 года (тыс.) |
| 30338,5 | 7072,4 |
| **Количество штатных единиц органов местного самоуправления** | |
| план на 2019 год | исполнено за 3 кв.2018 года |
| 58 | 58 |

*Руководитель финансового управления МР «Казбековский район»Р.Гаджиев.*

*Инсан ва гІумру*

# Аралда таманча речІани,..

Гьаб соналъул январалда ТНТ телеканаландасан бихьизабураб махсаро хочІалъул **«Comedy woman»** шоуялъул гІахьалчагІи тІад релъанхъана немцаз асирлъуде ккарав генерал-лейтенант, СССРалъул БахІарчи Дмитрий Михайлович Карбышевасда.



*Генерал Д. Карбышев*

Щив гьев вукІарав?

БакътІерхьул рагъулаб округалда вукІарав генерал Карбышев ккола немцазул асирлъуде. Немцаз цІакъ хІаракат бахъула гьев жидерго рахъалде цІазе,амма гьезда генерал мутІигІ гьавизе кІоларо. Лагералдаса лагералде витІун, ахирги гьев ккола, вахІшилъиялъул рахъалъ цІар рагІараб, Маутхаузен лагералде. МукІур гьавизе кІвечІелъул,цІасвинабулеб шлангалъ цІорораб лъимги тІад речІизабун, немцаз гьев цІорол гІерекъалде сверизавуна.

Гьеле, гьединав бахІарчиясда чІегІераб тІанкІ лъураб церерахъин гьабуна гьел, яхІ гьечІел, хьвада-чІвадиялъул къагІидабазул рахъалъ ясикІабилъун жал кколез. Гьезие нагІана кьурал гІемерал рагІаби хъван рукІана социалияб сетазда. ЖамгІиял гІуцІабаз, политикаялъул хІаракатчагІаз законал цІунулел ахІулел руго ТНТ телеканал ва гьеб шоуялъул гІахьалчагІи тамихІалде цІазе. Гьединго, гьеб къокъа тамихІалде цІай тІалаб гьабулеб буго Д. Карбышевасул ирсилазги.

Лъиего балъголъи гуро гьанжесеб гІелалда тарих хашго лъалеб букІин. Гьелде тІаде,тарихалда рукІарал лъугьа-бахъинал гІаксаб рахъалдасан рицунелги рихьизарулелги ругони, кинаб пикру гІолеб гІелалъул нилъер тарихалдехун букІине бугеб? Нилъедаго гьоркьор гьединал гІадамал раккулел заманалда, щиб абизе бегьулеб гІолеб гІел, мекъса цІазе цебего тІаде босарал къватІисел пачалихъазул гІадамазда? Гьаб заманалда **«регІерал»** суалазда ва ракІрагьарал биценазда тамашалъи гьабизецин бачІунаро.БатІи-батІиял телеканалаздагун СМИязда рихьизарулел ва бицунел передачабазгун хьвай-хьваязда бажарулеб буго гІадамазул пикру бокьараб рахъалдехун буссинабизе.

Гьелъие – цо мисал:

Ленинградалъул блокада бахъараб къоялда цебе **«Дождь»** телеканалалъ балагьаразе кьуна:**«Кьезе кколеб букІинчІищ Ленинград немцазухъе»** абураб суал. Балагьаразул цІикІкІунисез абуна гьеб кьуни лъикІаб букІанилан.Кьураб суалазул ва гьурурал жавабазул моралияб рахъалде ккун ваккиларо, гІакълу ва ВатІаналде рокьи бугезда гьеб бичІчІина,амма, хал гьабун ургъе,нилъеда гьоркьор гьединал гІадамал рукІиналъ гурищ бицунеб кибе иш кколеб бугебали!

Хадусан пикру баккилародай пачалихъго немцахъе кьун букІарабани,жакъасел немцалго гІадин,нилъги ратилаанин гІуцІараб пачалихъгун,лъикІал нухалгун,пенсиялгун ва жеги цогидабгун. РакІчІун абизе кІола,тІадехун рехсараб цебе бахъани, немцахъе пачалихъ кьезе кколеб букІанин абулел раккизе рукІиналда. Щай дида гьедин кколеб?

Нилъерго тарихги тушбабазда ракІалда букІарабги мухІкан лъалеб букІарабани, киданиги раккизе рукІинчІо тІадехун рехсарал суалал ва гьезие жавабал.

Гьел хІужабаз бицуна лъайкьеялъул ва гьеб босиялъул иш лъикІ гьечІеблъи. Хадусанги гьедин букІани, букІинадай гІолеб гІелалъул букІинисеб?

Нилъеда гьоркьор дагьал гІадамал гьечІо битІараб тарбия кьеялда тІад хІалтІулел. Гьезде гьоркьоре уна журналисталги. Нилъер миллиял СМИязда дагьабищ бицунеб бугеб тарих, мацІ ва миллат цІунизе ккеялъул? Гьелъие гІоло гурищ массовияб информациялъулаз тІоритІулел батІи-батІиял номинациябазул конкурсал. Гьеб рахъалъ лъикІаб хІалтІи гьабулеб буго Кавсарат СулеймановалЪ, Зикрула Ильясовас, Нури Нуриевас, Париза Гереевалъ, Мухтар Чупалаевас ва гІемерал цогидазги.

ГІолеб гІелалда, конкурсал тІоритІиялъул хІасилалда,лъала тарих, гьезул лъай цІикІкІуна ва хисула лъикІаб рахъалде, сверухъ лъугьунелдехунисеб бербалагьи. Гьелдаса умумумулги рохула ва гьел лъимализе ц1алиялда т1ад ч1ола.

**«Унтилелде къазе ккола бетІер»,**-ан аби буго умумузул. КватІун ккелелде, дир пикруялда,лъикІаб букІинаан нилъер халкъалъул бахІарчияб тарих гІолеб гІелалда лъазабиялде кІвар буссинабуни.

*М-Расул РАСУЛОВ, ст.Къарланюрт.*

Рагъул бах1арзазе даимаб рецц! «Конкурс Чапар - 2019»

# Гьадинаб ккана къисмат

***Гьаб макъалаялда бицен гьабулев Ват1анияб рагъул г1ахьалчи, гвардиялъул капитан Ахъбердиев Иманшапи ккола, нижер божарав гьудул, штаталда гьеч1ев «Чапар» газеталъул мухбир, Российлъул Федерациялъул журналистазул Союзалъул член, зах1маталъул ветеран, Гъизилюрт шагьаралда яшав гьабун вугев Ахъбердиев Т1алх1атил эмен.***

***Иманшапи Ахъбердиев гьавуна 1911 соналъ Хунзахъ районалъул Хунзахъ росулъ Имам Шамилил ц1ар раг1арав Наиб Ахъбердиясул тухумалда.***

***Ват1анияб рагъул соназ, гьес хъулухъ гьабуна Баг1араб Армиялъул ункъабилеб рек1аразул корпусалъул,9-дивизиялъул, 32-абилеб рек1аразул полкалъул командирасул заместителасул должносталда. Гьев шагьидлъун вуго 1942 соналъул 1-аб ноябралда Ставрополь краялъул Ачикулак абулеб росдада аск1ов ва Гъизляр шагьаралъул хабалалъ вукъун вуго.***

***Жакъасеб газеталда нижеца, хисизабич1ого, бахъулеб буго дагьал цере г1ан соназ «Молодежь Дагестана» газеталда гьеб хъизаналъул х1акъалъулъ хъвараб макъала.***

# *Она закрыла меня собой*

***Я вспоминаю свою мать, благодаря которой остался жив, которая оберегала меня в первые дни войны, которая после гибели отца вырастила и воспитала меня вместе с младшей сестрой. Оставшись вдовой в 25 лет, она мужественно, достойно перенесла все невзгоды военного и послевоенного периода.***



Немного истории. Как известно, 1 сентября 1939 г. началась Вторая мировая война нападением фашистской Германии на Польшу.

После бегства правительства Польши в Румынию и распада польского государства правительство СССР 17 сентября 1939 года отдало распоряжение главному командованию Красной Армии выйти на границу Западной Украины и Западной Белоруссии.

В этом походе пришлось участвовать и нашему отцу, уроженцу с. Хунзах ДАССР, уже кадровому офицеру Красной Армии Иманшапи Ахбердиеву, в то время командиру кавалерийского эскадрона 3-й кавалерийской дивизии.

Поход продлился 12 дней, и за это время Красная Армия продвинулась на 150 - 300 км на запад. Отец забрал свою семью на место новой службы, в городок Каменка-Струмилово, недалеко от границы, к западу от г. Львова Киевского особого военного округа.

Мне тогда исполнился один год. Находился я там вместе с семьей до начала войны.

Шел 1941-й. По воспоминаниям матери Патимат, тучи войны продвигались к границам СССР. Участились военные провокации, поэтому накануне войны в наших войсках часто проводились учения.

Весной 1941 года отцу присвоили очередное воинское звание капитана и повысили должности…

В субботу 21 июня 1941 г., вечером последнего дня мирной жизни, мои родители вместе с семьями комсостава войсковой части смотрели популярный кинофильм «Чапаев», а потом, после вечерней прогулки, легли спать.

Поздней ночью на 22 июня 1941 г. в дверь квартиры, где жила наша семья, постучали. К стуку моя мать Патимат привыкла и не придавала значения - такие моменты, особенно в последнее время, повторялись часто. Вот и теперь видела, как быстро собирается муж Иманшапи. Красноармеец сообщил ему, что срочно вызывают в штаб полка.

Мать спросила: **«Когда вернешься?»**. Он ответил: **«Не знаю»**. Как всегда, подошел к моей постели, поцеловал меня спящего, простился с женой и ушел.

Светало. Какая-то непонятная тревога лишила мать сна. Вдруг в соседнем доме поднялся шум. Не успела она разобраться, в чем дело, как соседка подошла к нашей двери и закричала: «Патимат, поспеши, началась война!» У нее на руках еще спали двое маленьких детей, а 5-летний сын, весь бледный и напуганный, держался за ноги матери и плакал.

Вскоре там, где жили семьи комсостава, возник необычный шум, начались громкие разговоры. Мама оделась и вышла. Женщины сообщили ей, что по тревоге ушли все командиры. С западной стороны доносились звуки канонады. В утренней дали виднелось зарево. На небе появились вражеские самолеты. Началась бомбежка.

Мать успела забежать домой, быстренько схватила меня и вышла во двор. Мне шел третий год, а мама была на четвертом месяце беременности. (В конце ноября 1941 г. родилась моя сестра).

Недалеко от нас взорвалась бомба. Содрогалось всё в округе. Напуганные женщины и дети рыдали. Жены офицеров с детьми направлялись в сторону леса. Вновь в воздухе появились фашистские самолеты и начали бомбить. Двух женщин, шедших с нами, убили. У одной из них был 10-месячный ребенок. Он ползал по безжизненному телу матери... Одна бездетная молодая женщина быстро схватила ребенка и побежала с нами.

Плач детей, шум взрослых, свист пуль звуки взрывов - всё смешалось. Маме пришла страшная мысль: **«Вдруг со мной что-то случится, а ребенок попадет в руки фашистов... Что будет?! Что же нас ждет впереди?!»**

А наши бойцы рыли окопы, часть из них шла навстречу врагу. Среди них промелькнуло знакомое матери лицо красноармейца из Дагестана, кумыка по национальности, - Айдемира, который часто общался с моим отцом как земляк. Мать спросила, где ее муж Шапи. Тот махнул рукой в западную сторону, ответил, что на передовой, и быстро исчез в гуще пехотного подразделения...

За бугром наш зенитный пулемет стрелял в небо. Фашистский бомбардировщик, из хвоста которого валил черный дым, рухнул на землю, в лесу прогремел сильный взрыв, самолет сгорел.

В первую очередь немцы взорвали железную дорогу, поэтому женщины и дети направились в сторону леса.

Перед нами с подушкой в руках бежала женщина. При очередной бомбежке все легли на землю, и она оказалась рядом с нами. Женщину спросили, почему она носит с собой подушку. Та вдруг опомнилась и растерялась. Оказывается, в суматохе вместо ребенка мать из дома вынесла подушку. Осознав произошедшее, женщина с криком кинула подушку в сторону и душераздирающе заголосила: « Васенька! Вася! Мой родной Васенька!» - и рухнула на землю. Больше не открыла глаз... Умерла на месте от нервного потрясения...

Среди нас была и бездетная женщина Татьяна Ивановна, сибирячка. Она прижимала к груди 10-месячную девочку, у которой погибла мать...

И вновь бомбежка, свист пуль. Мы легли. После оказалось, что мы с матерью покрыты слоем земли от разрыва бомбы. Укрыв меня своим телом, мама шепотом обратилась к Всевышнему: **«Помоги мне и ребенку вырваться из этого ужаса!!!»**

Погибла еще одна женщина, жена офицера. Оставшаяся в живых ее шестилетняя дочь Оля на наших глазах грызла землю. Никто не мог ее успокоить. **«Мама, мама! Моя лучшая на свете мама!»** - повторяла она. Моя мать прижала ее к себе...

В этот момент нас догнал наш солдат в фургоне. В нем мы добрались до леса. Там находилась наша танковая часть. Навстречу вышел молоденький лейтенант-танкист и успокоил нас. Для женщин и детей выделили грузовой автомобиль, посадили всех в кузов. Мама не могла подняться. Татьяна Ивановна протянула ей руку, а снизу помог молоденький офицер-танкист, сонное лицо которого сохранилось в памяти моей матери навсегда. Он помог залезть в кузов грузовой машины многим матерям и детям, заботливо укрыл ветками деревьев для маскировки и проводил в путь.

К вечеру мы добрались до Львова. Железнодорожный вокзал был полуразрушен от налета вражеской авиации и переполнен людьми. Пассажирских поездов уже не было. К счастью, появился последний товарный с пустыми вагонами после выгрузки угля. Па нем под обстрелами фашистских самолетов, рискуя жизнью, мы и отправились в тыл страны.

Через несколько дней добрались до Саратова, далее - в Астрахань. Мать очень устала, переживала за мужа. Из Астрахани морем на пассажирском судне мы добрались до Дагестана. В Махачкале долго ждать не пришлось: на колхозной арбе с односельчанином Али по горным дорогам доехали до родного Хунзаха.




Дома в селе нас уже считали погибшими и все плакали от радости, глядя на мою мать и меня, чудом оставшихся в живых. Горцы шли к маме, очевидцу первых дней войны, с сочувствием. Она была первым человеком в Хунзахском районе, которая с 3-летним ребенком на руках проделала нелегкий путь от западной границы страны до Хунзаха. Она была первым человеком в районе, рассказавшим землякам о смерти и разрушениях, которые нес с собой фашизм...

Отец мой Иманшапи Ахбердиев, гвардии капитан, заместитель командира 32-го гв. кубанского казачьего кавалерийского полка, 9-й гв. к.к. дивизии, 4-го гв. к. к. корпуса, погиб в бою 1 ноября 1942 года...

Моя мать Патимат Ахбердиева в годы войны и после работала учительницей в сельских школах Хунзахского района, заведующей Хунзахским детсадом, а после ухода на пенсию - еще несколько лет воспитателем. За добросовестный труд награждена медалями: **«За доблестный труд в годы Великой Отечественной войны 1941 - 1945 гг.»**, **«За трудовое отличие»**, **«Ветеран труда»**, другими юбилейными медалями Победы - и почетными грамотами...

...На 78-м году жизни, после тяжелой болезни, ночью 19 августа 1995 года мамы не стало. Когда она делала последние вдохи, все вокруг вдруг потемнело, несмотря на яркий электрический свет. В один миг на небе появились густые черные тучи, подул сильный ветер, начался проливной дождь. Гремел гром, сверкали молнии. Казалось, вся природа, начиная с неба и заканчивая землей, плачет по ней. Дождь долго не смолкал.

...Ушла мама, и дождь прекратился. А на следующий день, после её похорон, воцарилось лето, светило солнце, будто и не было никакой грозы... Жизнь продолжалась...

С тех пор каждый раз, когда я приезжаю в Хунзах, спешу на могилу матери...

# Проводится комплексно - оперативно-профилактическая операция «Дети России-2019»

Во исполнение приказа ФСКН России, МВД России и Минздрава России, на территории Казбековского района с 17 по 26 апреля, проводится межведомственная комплексная оперативно-профилактическая операция «**Дети России-2019**».




Основной ее целью является предупреждение распространения наркомании среди несовершеннолетних, выявление фактов их вовлечения в преступную деятельность, связанную с незаконным оборотом наркотиков, а также повышение уровня осведомленности населения о последствиях потребления наркотиков и об ответственности за участие в их обороте.

В рамках операции будут осуществлены мероприятия в местах массового пребывания несовершеннолетних лиц и молодежи, учреждениях с их круглосуточным пребыванием, жилом секторе, а также на объектах транспорта, учреждениях торговли и досуга с целью выявления представителей указанных категорий граждан, находящихся в состоянии наркотического опьянения, а также выявления лиц, вовлекающих несовершеннолетних в употребление наркотических и психотропных веществ.

Сотрудниками ОМВД России по Казбековскому району совместно с представителями образовательных учреждений и местного самоуправления, общественными объединениями и организациями будут проведены лекции, беседы, тематические занятия, обучающие семинары и другие профилактические мероприятия, направленные на информирование несовершеннолетних и их родителей о вреде потребления наркотиков, алкоголя и табака, а также об ответственности, предусмотренной законодательством Российской Федерации за незаконный оборот наркотиков.

Кроме того, жители Казбековского района могут проявить свою антинаркотическую гражданскую позицию и незамедлительно сообщать о фактах, готовящихся либо совершаемых наркопреступлений, в том числе в отношении несовершеннолетних. **( Тел: Дежурной части – 996510).**

*Г.А.Зубайриев, юрисконсульт ОМВД России по Казбековскому району, капитан внутренней службы*

## В Дагестане переход на цифровое ТВ намечен с 13 июня 2019 года

В этот Новый год каждый россиянин получит 20 подарков, с января 2019 года в России начинается вещание 20 бесплатных цифровых каналов.




Все регионы должны перейти на цифровое вещание в течение полугода.

Россияне смогут бесплатно смотреть телеканалы, включенные в два мультиплекса. В первый входят следующие каналы: ***«Первый канал», «Россия 1»,«НТВ», Матч ТВ», «Культура», «Петербург – 5 канал», «Россия 24», «Карусель», ОТР, «ТВ Центр». Во второй – «МИР», «Рен ТВ», СТС, «Спас», «Домашний», ТНТ, «Пятница», «Звезда», «Муз-ТВ».***

Напомним, что с переходом на цифру старые антенны и телевизоры, выпущенные до 2013 года, технически не могут принимать новый формат вещания каналов. Зрителям, чтобы не остаться без новостей и сериалов, надо купить новую дециметровую антенну и специальную приставку, раскодирующую цифровой сигнал.

*Щивго к1очон гьеч1о...*

## Бресталъул хъала ц1унулаго,..

Ват1анияб рагъ байбихьарабго (1941 соналъул 22 июнь),немцаз кьабиял щвезарурал бак1азул цояблъун бук1ана Беларусь Республикаялъул Брест хъала. Гьеб ц1унулезда гьоркьов вук1ун вуго Хубар росулъа мухъилав рагъухъан Асаев Бадрудин Асаевичги.

1941 соналъул 25 маялда Хасавюрт шагьаралъул рагъулаб комиссариаталъ армиялде ах1арав Бадрудин гьебго соналъул 28 июналда г1умруялдаса ват1алъун вуго.

(**«Книга памяти г.Хасавюрт».***1994 сон.* **«Юпитер»** *басмахана).*

***М.Г1.ЧУПАЛАЕВ.***

*Спорт - инсанасул сахлъи*

## Чемпионаллъун рахъана

Гьаб соналъул 21-24 марталда Избербаш шагьаралда гIолилазда гьоркьор тIоритIарал Северияб Кавказалъул Федералияб округалъул К-1 (бои без правил) къецазда чемпионаллъун рахъана Буртунай росулъа, Хасавюрт шагьаралда г1умру гьабун ругел, спортсменал спортшкола (СДЮСШОР) :



***I. Алмасханов МухIамад – (45 кг.)***

***2. Батыров СагIит –(39 кг.)***

***3. Гъойлубиев Рамазан – (42 кг.).***

Гьединго, рехсарал гIолилазе рес щвана,гIемер кватIичIого, ТIолгороссиялъул роцада тIоритIизе ругел къецазда гIахьаллъизе.

***Г1.-Рашид ГЪОЙЛУБИЕВ.***

## Баркала кумекалъухъ

Араб анкьалда, **«Чапар»** газеталъ лъазабун букIараб **«Кумек»** акциялъул гIахьалчагIаз бачIараб ретIел-тIех босун, ц1аккеялъул х1асилалда минаби рух1араб, ЦIумада районалъул ТIиси росулъе, живго бетIергьанаб **«Газель»** автомашинагун, ана Буртунаялдаса Рустам ХIайбулаев.

ТIисисез, жидее гьабураб рахIму-цIобалъулаб кумекалъухъ, нилъер районалъул гIадамазе загьир гьабун буго ракI-ракIалъулаб баркала.

## БитIизаби

**«Чапар»** газеталда (№14, 15 апрель,12 гьум.) бахъараб **«Щивго кIочон гьечIо…»** макъалаялда, редакциялъул хIалтIухъабазул гIайибалдалъун,гъалатI биччан буго. Гьениб хъван буго Ленинаул (Ахъташ-гIавухъ) росулъа рагъде анин 9 чи. ХIакъикъаталда гьениса рагъде ун вуго **262 чи**. Гьарула тIаса лъугьаян.

***Редколлегия.***

Работники КЦСОН и Управления пенсионного Фонда РД в Казбековском районе выражают глубокие соболезнования родным и близким Малика Хаджиева в связи с его кончиной.

---

Коллектив Калининаульской средней школы выражает глубокое соболезнование Зинаиде Пашаевне Хаджиевой в связи с кончиной брата Малика.

*БетIерав редактор:*
*Мухтар ГIалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Асият Дибирова*
*Сапият Султанмух1амадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева,*
*Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес:*
*Хасавюрт шагьар, ООО*
*"Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №228 Тираж 1430*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*